

Sifilis

Ki sa maladi Sifilis yé?

Sifilis sé yon maladi sekyèlman transmisib (MST) ki kozé pa yon bakteri(jèm).

Ki jan yon moun ka pwopajé Sifilis?

Sifilis pwopajé dé yon moun a yon lòt, lè gen kontak dirèk dé po yon moun ak yon lòt po ki gen maleng sifilis. Maleng sifilis la ka parèt lan vajen, nan dèyè (anis), nan boush, sou po boush, ou nan trou dèyè. Ou ka trapé enfeksyon an nan fè sèx lan vajen, nan trou dèyè, ak nan boush. Maladi sifilis la ka transmèt menm lòské ou pa santi ou di mwens ou pa wè maleng sifilis la, sa vlé di moun ka pwopajé sifilis menm lòské yo pa konnen yo enfekté. Yon fanm ansent ka transmèt sifilis bay ti bébé lè lap akoushé.

Men kijan ou ka ogmanté risk pou enfekté :

- Fè sèx ak kapòt ki pa latex ou di mwens polyurethane
- Fè sèx ak plisyè moun
- Gen diferan lòt MST ou VIH
- Fè sèx pandan ak soulé swa sou dròg ou sou lan bwè kleren ka ogmanté risk pandan ké lap diminye chans pou mété kapòt la byen

Ki moun ki ka trapé sifilis ?

Nenpòt moun ki ap fè seks souvan ka gen Sifilis. Fè seks san pwoteksyon ap ogmanté chans pou pran Sifilis. Fanm kòm gason ka gen Sifilis, men mwayé ka Sifilis ké yo kontwolé lan Eta-Zini soti lan gason kap fè sèx ak gason.

Ki sentòm Sifilis ?

Majorité moun pa gen sentòm. Sentò yo ka kòmansé parèt depi sou 10 jou rivé jis sou 90 jou après moun lan fin enfekté. Men an mwayèn, sentòm yo kòmansé sou 21 jou. Gen lòt kategori moun plisyè lané ka pase san sentòm yo pako janm parèt.

Pou moun ki gen Sentòm yo, men sa ki pi komen:

- Maleng, ou bouton sou boush, nan dèyè, vajen, peni (pijon), boul grin
- Plak rouj ki parèt sou tout kò ou, lan pyé, ak lan men
- Shevé ap sot tonbé
- La fyè
- Glan'n anflé

Enfeksyon ka diré plysyè lané si li pa treté

Pandan kombyen tan yon moun ki gen Sifilis ka pwopajé li?

Yon moun ki gen maleng ou bouton ka pwopajé Sifilis depi menm jou ké li enfekté jis li jwen tretman. Kòm maleng yo pa vizib, moun ka transmèt enfeksyon an ba lòt moun san yo pa konnen. Menm lè ou fin treté, depi maleng yo pako geri ou ka toujou transmèt jèm lan. Plis yon moun ki enfekté pran tan pou li treté, sé konsa ké li gen chans pou plis konplikasyon.

Koman poum fè konen si mwen gen Sifilis ?

Fè tès se sèl mwayen ki pi garanti pou ou konen si ou gen Sifilis. Majorité dè fwa sé tès san ké doktè fè pou konen si ou gen Sifilis. Kòm Sifilis ki pa treté ka la kòz konplikasyon pou fétis la, pou tèt sa tout fanm ansent sipozé fè tès pou Sifilis. Moun ki a risk pou trapé Sifilis sipozé fè tès regilyèman konsa yo ka treté vit si yo enfekté.

Ki koté ké mwen ka al fè yon tès ?

Prèské tout dispansè ou lopital ka fè ekzamen klamidia ou tès pou tout lòt maladi ki transmèt seksyèlman (MST). Pou jwen dispansè ki pi pré bò lakay ou, relé lan nimewo telefòn majistra-a **617-534-5050** ou **1-800-847-0710** ou di mwens al sou sit entènèt sa a <http://www.hivtest.org/STDTesting.aspx> answit antré kòd postal ou.

Eske Sifilis ka treté ?

Wi, anpil fwa yo itilisé piki antibiotik pou treté Sifilis.

Eské mennaj mwen ta sipozé treté ?

Wi. Ou ka toujou trapé Sifilis ankò malgré ou fin treté, sé pou tèt sa ké li bon pou ou ankourajé moun ké ou té gen relasyon sektyèl ak yo lan yon ki fenk pasé ak nouvo mennaj al fè treté an menm tan konsa ou pap enfekté ankò.

Sa kap pasé si ou pa treté Sifilis ?

Si ou pa treté-l, Sifilis ka lakòz anpil konplikasyon, moun ki enfekté pandan lontan san yo pa treté ka gen ògann ki domajé ann dan yo. An plis de sa moun ki gen Sifilis gen 5 fwa plis chans pou trapé VIH si yo al lan kontak seksyèl ak yon lòt moun ki genyen-l.

Koman mwen ka pwotejé tèt mwen kont PID ?

Mwayen ki pi garanti pou pwotejé tèt ou a 100% kont PID se pa al lan relasyon seksyèl.

Si ou al lan relasyon seksyèl, men kisa ou ka fè pou diminyé chans pou trapé maladi MST yo :

- Toujou itilize kapòt latex ou polyurethane ou di mwens pwoteksyon pou boush, lè wap fè sèx lan dèyè (anis), lan vajen, ou lan boush(oral)
- Kondòm ki fèt ak materyèl natirèl ka anpeshé fanm ansent, men pa ka anpeshé ou trapé MST
- Redwi kantité mounn ké ou gen relasyon seksyèl avèk yo
- Palé ak mennaj sou MST e kòman nou ka fè tès pou konnen si nou pa malad
- Pale ak doktè-w sou ki jan pou pwotejé tèt ou lan relasyon seksyèl e kijan pou ou fè tès
- Fòk ou konnen ké lè wap sèx pandan ké ou anba dròg, ou di mwens pandan ké ou sou, chans lan ogmanté pou fè ak sèks san pwoteksyon

Kontakté doktè ou si ou santi yon lan sentòm sa-a yo.

Pou plis enfòmasyon relé

Boston Public Health Commission

Infectious Disease Bureau

617-534-5611 or www.bphc.org